

TEACHINGS ON THE MOUNTAIN. Do not judge.

Matthew 7:1-14

Lesson 13

Memory verse: *“Therefore whatever you desire for men to do to you, you shall also do to them.”* **Mat. 7:12**

INYIGISHO ZO K’UMUSOZI. Ntimigacire imanza abandi

ICIRWA CA 13

Matayo: 7:1-14.

Ijambo ngenderwako: Matay. 7:12 << ***Nuko ivyo mugomba ko abantu babagirira vyose mube arivyo mubagirira namwe.***>>

I. Inyigisho nyezina.

Umwami Yesu ashishikara kuganiriza abagisha intumwa ziwe bicaye k’umusozo. Abebwira ico Uhoraho abagombako. Uhoraho ni umucamunza w’isi; avuga ngo : << *icubahiro canje sinzogiha uwundi*>> (**Esay:42:8**). Twese turi gikorwa c’intoke ziwe, kubwivyo, si uburenganzira bwacu gucira urubanza uyu canke uriya. ico dusabwa ni ugusengeranira igihe cose bibonetse ari mu buzimire kanaka.

II. Mukundane

Ibwirizwa ry’Imana riradusaba gukundana umwe kuwundi. **Matay. 7:12** << *Nuko ivyo mugomba ko abantu babagirira vyose mube arivyo mubagirira namwe.*>> Yesu ubwiwe niwe yabanje kurishira mu ngiro. Niba rero tugomba kuba abana biwe natwe nico dusabwa niho tuzoba abagishwa biwe koko. **-Yoh. 13:15** <<*Ni mwagiriranira Urukundo, ni ho bose bazomenya ko muri abigishwa banje*>> kugira ube woshinga intahe ko uri umwigishwa wa Kristo vy’ukuru; biragusaba kuba ufise urukundo kuri bose ata macakubiri ico yoba afatiyeko cose. Ugafasha abo woshobora gufasha; ugatabara aho bikenewe hose.

-1 Kor. 13:4-6 <<*Urukundo rurihangana, rugira neza, Urukundo ntirugira ishari, urukundo ntirwihayagiza,.....rwihanganira vyose*>> Aha biboneka ko uwudafise urukundo atoshobora no gutunganya urugo rwiwe canke kunesha mu bigeragezo vyinshi umukriso ahura navyo nka Mukrito.

III. Inzira zibiri.

Igihe Yesu yababwira guca mw'irembo rifunganye yariko yerekana uburenganzira bafise bwo guhitamwo. Igihe Imana ishira umuntu wa mbere mw'itongo rya Edeni, yari imuhaye uburenganzira ubwiwe bwo guhitamwo inzira ibereye. Kuva ico gihe, umuntu wese arafise uburenganzira bwo guhitamwo gukira canke kuzimira bivanye nikimuhimbaye. Yesu aravuga ngo: <<ingero y'icaha ni urupfu ariko ingabire y'Imana ni ubugingo budashira>>. Rom. 6:23

Yesu asba uwariwe wese kwemera amageragezwa uko yoba ari kose ariko ukaguma mu nzira yo kugororoka; bitabaye uko uwuyivako wese azohanwa ata kigongwe.

IV. Kuniganira ukwinjira.

Igihe umwe yariko aramubaza uko vyogenda kugira akizwe; yaramwishuye ati:<< *mushishikare guca mw'irembo riripfunganye, ndababwir yuko benshi bazoshaka kuricamwo, ntibabishobore*>> Luka 13:24 Aha niho haboneka ko iyi nzira naho iboneka igoye kubwo amageragezwa ananiza abari mu rugendo; k'umuntu wese yavutse; hazogeraho yipfuzwa kuyicamwo ntibishoboke. Aha ni cagihe imbabazi z'Imana zizoba zaramaze kurangira urubanza rw'Imana rutanguye.

V. Inzira ndende y'ubugororotsi

"Ariko inzira y'abagororotsi imeze nk'umuco wo mugatondo, ugenta urushiriza gukayangana gushitsa hakeye gose" (Imig. 4:18). Igihe wafashe intumbero y'ubugororotsi, Uhoraho arakumurikira ijoro n'umurango, akabana nawe mu bihe bigoye n'ivyoroshe.

VI. Gushira mu ngiro.

Iyi nzira ndende y'ubugororotsi, izogushikana mu cubahiro c'Imana aho uzokumva ijwi rikubwira riti: "wagize neza, muntu wanje mwiza wo kwizigirwa,...injira mu munezero wa shobuja" Matthew 25:23. Abiciriye mu nzira yagutse bazobabarirwa bati: Mva iruhande mwankora bizira... sinigeze ndabamenya. Aha hazoba ukwicuza kuko bahisemwo nabi. Ingabire y'agakiza n'ubu Yesu aracayihira uyo wese ashatse kuyakira. Nta gakiza inyuma y'urupfu. Ivyo ushaka ko bagukorerera ba arivyo ukorerera abandi.

Niba ubona ko inzira uriko uracamwo itarimwo umuco ukenewe, wohaguruka ugasenga.

TRUE FAITH

MATTHEW 7:15-23

Lesson 18

Memory verse: *“The word they heard didn’t profit them, because it wasn’t mixed with faith by those who heard.”* Hebr. 4:2

UKWIZERA NYAKURI

Icirwa ca 18

MATTHEW 7:15-23

Ijambo ngenderwako: *“Ariko ijambo bumvise ntiryabagiriye ikimazi, kuko ritavanzwe n’ukwizera mu mitima y’abaryumvise.”*. Abaheburayo 4:2

I. Intangamarara

Umwami Yesu abandanya kwigisha intumwa ziwe kugira baze bavyigishye abandi. Aha ashima kubigisha ko uburyarya atariko gutungana. Biboneka abereka ko bishoboka ko umuntu yigira umuvugishwa n’Imana, umuvugabutumwa, umupasitori, umusenzi, umuririmvyi, n’abandi ariko ari uburyarya ata gutungana kuri muri we.

Arabereka ko bene aba badatinya kwirirwa bavumereza bati “Mwami Mwami” ariko ari uburyarya. Kubera babayeho badatinya, ntibizobabuza kwegera aho Umwami azoba ariko acira imanza amahanga, berekana ibikorwa bakora. Niho Umwami azobishura ko atigeze abamenya. Bari bafise ukwizera nyabaki?

II. Ukwizera ko mu mutwe n’ukwizera ko mu Mutima.

Hari ubwoko bubiri bw’ Ukwizera muri bibiliya:

1. Ukwizera ko mumutwe: Ukwizera kw’ubwenge. Na Satani arafise uku kwizera. Aremera Imana. Aremera Yesu, aremera ko Yesu yavyawe n’isugi. Aremera ko Yesu yapfuye kumusaraba kubw’icaha c’abantu. Aremera ko Yesu yazutse mubapfuye.

Satani aremera ariko ni mumutwe wiwe gusa. Ntiyakijijwe. **Yakobo 2 :19** haravuga ngo *“Wemera yukw’ Imana ar’imwe. Ugize neza ; ariko na Satani n’abadayimoni nabo nyene baravyemera bagahinda agashitsi.”*

Abafise uku kwizera usanga bazi amajambo ya bibliya, barashobora no kuba abahambaye mu mabanga yo mw'ishengero... bashobora no kuba ata vyaha bakora ; ariko badafise Yesu mu mitima yabo. Bene aba baragorana cane. Nta gakiza kava kuri Yesu bafise.

2.Ukwizera kwo mumutima : Niwizera mumutima uravuka ubwakabiri.

“kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ar’ Umwami, ukizera mu mutima wawe yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa”. **Abaroma 10 :9**

Abantu benshi baravuga ijoro n’umurango ngo, “Ndizera Yesu” ariko utaragera aho uha ubuzima bwawe Yesu nk’ Umwami n’Umukiza nturavuka ubwakabiri. Ivyo bisigura guha umugongo izindi mana zawe, ibigirwamana, impwemu, ibisekuruza, ibimazi, ivyaha vyawe, ukwigenga m’ubuzima bwawe bwiza n’ibikorwa vyawe vyiza hama ukizera Yesu wenyene nk’Umwami n’Umukiza wawe.

Bisigura kwakira Yesu mu buzima bwawe akaba Umwami, uwuganza, Imana imwe rudende y’ubuzima bwawe. Ivyizigiro vyawe vyose bikaba kuri Yesu.

Umwami: Umwami niwe murongozi w’ibijejwe igihugu vyose, uciye kubiri n’ivyo yihanije; hakurikira ibi9hano. Na Yesu bisaba abe ariwe akuganza n’ivyawe vyose. Uha Mpwemu Yera uburongozi bwose mu buzima bwawe.

Umucunguzi: Gucungura biba igihe habaye uwiyemeza kuja mu gihano c’ivyaha vyakozwe n’uwundi. Uwo agaca yigira amahoro. Uwizeye mu mutima yemera, akubaha, akumvira uyu mucunguzi w’ubuzima bwiwe. Bene aba bakorera Imana kurusha n’ivyo basabwa n’abarongozi. Bihutira gukora ibikenewe batarindiriye amatangazo. Bizeye mu mitima ko Yesu abibona.

Gushira mu ngiro:

Umwanditsi w’igitabo c’Abaheburayo yanditse ati: *“Ariko ijambo bumvise ntiryabagiriye ikimazi, kuko ritavanzwe n’ukwizera mu mitima y’abaryumvise”* biraboneka ko aba bama bumva ijambo ariko ntiryabagirira ikimazi kuko bataryizeye mu mitima yabo. Bafise ukwizera ko mu mutwe.

Pawulo yandikira abaroma ati: *“umuntu wese azokwambaza izina ry’Uhoraho azokizwa”* Abaroma 10:13.

Ha ikaze Yesu mu buzima bwawe. Mukwizera urashobora gusenga ugaha ubuzima bwawe Kristo ubu nyene.

Senga uti, “Mwami, ndizera ko uri Umwami n’Umukiza wanje. Buno nyene, ndaguhaye ubuzima bwanje. Ingo mubuzima bwanje umbere Umwami n’Umukiza. Ndakwizeye ubu nyene.

THE GOSPEL THAT WORKS

Mat. 7:24-28; Mat. 5:33-43

Lesson 27

Memory verse: “ *The things which you learned, received, heard, and saw in me: do these things, and the God of peace will be with you.*” Filipi 4:9

UBUTUMWA BUKORA

Icirwa ca 27

Mat. 7:24-28; Mat. 5:33-43

Ijambo ry’urufatiro « *Ivyo mwize, vyo mwakiriye, ivyo mwumvise, abe ari vyo mukora niho Imana nyene amahoro izobana namwe* » | Filipi 4 :9

I. Intangamarara

Yicaranye n’abigishwa biwe ku usozi ; Umwami Yesu ashirako ababwira ko uwuva inyigisho ziwe akazigendera ariwe munyabwenge. Yongerako ko uwumva ntayakore asa n’imburabwenge. Yashaka kubabwira ko uwemerewe kubaho atiyumvira k’ubuzima bwiwe inyuma y’urupfu ari umusazi gusa. vyasabako uwugihema wese yibaza ico azoba inyuma y’urupfu rwiwe.

Biroroshe cane kwigisha amajambo y’Imana ukoresheje ivyanditswe mugihe uba waraciye mw’ishuri ukaba unabangutse. Ushobora kw’igisha ukuri, urukundo abo wigishije bakanezerwa cane n’inyigisho zawe. Iyo uramutse ubigisha umugambi w’Imana ku bantu bikabanyura. Ariko ico Imana agaciro ni ingene ubwawe ubishira mu ngiro. Uravuga ukuri. Ikibazo : warahevye ikinyoma ? Uri umwizigigwa mu kibano, mu kazi, mw’ishengero... ?

Kumenya ijambo ry’Imana si kugira ubwenge bwo mu mutwe canke ubuhinga bwo kuvyigisha. Kuba ubifise ni vyiza, ariko igikuru ni ukurishira mu ngiro mu buzima bwawe, ni ugakomeza imigenderanire n’Imana ku gatwe kawe.

II. Kurahira.

Mu nyigisho za Yesu, yashimye gukebura abantu bakunda kurahira. Ababuza kurahira ikintu cose mu biri kw’isi canke mw’ijuru. Ibi ni kubera atanakimwe umuntu afiseko ububasha. Bimwe yabisanze kw’isi, ibindi bibaho abona ariko vyose azobuisigaho.

Mu gihe co kuza kwa Yesu mw'isi, yashikiye mu muryango wa Yuda, aha naho hari hasanzwe idini yabo (i sinagogi). Aha niho abantu bari basanzwe bigira amategeko, ivyagezwe vya Mose... ni ukuvuga vyamusaba ko yigisha inyigisho nshasha z'ubugingo buhoraho abigishwa biwe ; nabo bakazovyigisha abandi, nabo bakavyigisha abandi gushika agarutse gutrye gutrye **Mat. 28:20a <Mubigishe kwitondera ivyo nabageze, umve ndi kumwe namwe gushika ku muhero w'isi>**

III. Intambamyi mu gukurikiza inyigisho za Yesu kristo.

Intambamyi nyamukuru mu kwitondera ivyo Yesu yihanikirije ni urusukirane rw'ivyiyumviroi bibera mu mutwe w'umuntu. umuntu arashobora kurwara akagera kure. Muri ico gihe ariyumvira ko ari ibikenewe ko yakira ingabire t'ubugingo budashira. Amaze gukira, hamuzamwo ivyiyumviro bishsasha akabiheba.

Nta wokura icaha kitabanje kuba muri we. Agishira mu ngiro cabanje kubakirwa mu mutima n'ubwenge vy'imbere muri we.

Igihe cose umuntu ariko ariyumvira ico akwiye gukora imbere y'ikibazo/ingorane, hategerezwa kumuzamwo ivyiyumviro vyeranda n'ivyiyumviro vy'umwiza. Birasaba nyene igikorwa ko aha umwanya Mpwemu Yera kugira abe ari we amurongora mu vyiyumviro.

Igihe president wa Amerika Harry S. Truman vyamusaba ko afata ingingo yo gutera canke kureka amabombe ruhonyanganda mu buyapani igihe c'intambara ya 2 y'isi, mu 1945 ;vyaramugoye kuko kwemera kuzitera, yari ingingo yo guhonya amamiliyoni y'abayapani kandi hakazoguma imyuka y'ubumara mu kirere igihe c'imyaka myishi, kubireka naho, intambara y'isi yose ntiri burangire vuba abantu hafi isi yose bazokomezaga gupfa, ubutunzi buhombe, abasirikare biwe n'ibirwanishwa uko nyene kuko abayapani bari bageramiye isi cane n'ibitero vy'indege zabo n'abiyahuzi bo kurwego rwo hejuru. Ari wewe waca umuhanura iki ? Abahanuzi biwe ntibigeze babihurizako. wenyene ahitamo kuzitera ; abi Yeroshima ni Nakasaki baratikira.

IV. Gushira mu ngiro

Ibihugu n'imiryango myishi yo kw'isi yamaze imyaka myishi itazi ukuri kw'Ijambo ry'Imana. Yesu yaraje yigisha icese ico umuntu akwiye gukurikiza kugira azorarwe ubugingo. Ni ku gatwe k'umuntu ubwiwe wo kwemera kumva no gukora ico Umwami yihanikirije. Suzuma ivyiyumviro binyaruka mu mutwe wawe aho bizogushikana uce ufata ingigo k'ubuzima bwawe.